

Yon Sitiasyon Konplike



Yon Sitiasyon Konplike

Tèks Cassandre Surinon

Ilustrasyon David Folk

Design Max Zurlini

Tradiksyon Jessica Chery ak
Cassandre Surinon



Copyright 2020 SUNY New Paltz IDMH

Tout dwa rezève. Okenn pati nan liv sa a pa dwe repwodwi oswa itilize nan okenn fason san pèmisyon ekri pwopriyetè copyright.

ISBN: 978-0-578-80870-3

Nimewo kontwòl Bibliyotèk Kongrè a: 2020923728

Tèks Cassandra Surinon

Ilistrasyon David Folk

Design Max Zurlini

Tradiksyon Jessica Chery ak Cassandra Surinon



Milo te viv yon sitiyasyon ki vrèman pa nòmal. Tout bagay yo te diferan. Li te vrèman santi tèt li chaje. Li pa t konnen kilè sa pral fini.





Li te toujou ap mande tèt li kilè sa ap fini.

Tout bagay yo te sanble raz.

Nan kòmansman Milo te panse sitiyaşyon an pa t ap rete konsa lontan, li te panse li t ap dire kèk jou sèlman. Men li pa t chanje, bagay yo te rete menm jan. Li te wè Manman ak Papa li te aji yon fason ki diferan pa rapò ak dabitid, kidonk sa te rann li enkyè.



Poukisa tout bagay ak tout moun te diferan konsa?

Milo tap mande tèt li si se fòt li.

Milo te kòmanse rele epi kraze brize
pou li pa panse sou sitiyasyon an men li
te toujou santi l mal apres a.



Li te santi li wont. Sa rann li tap kreye
pwoblèm pou Manman l ak Papa l.




Li te kòmanse santi yon bann sansasyon
dwòl nan kò li, tankou yo ne nan vant li.
Pafwa li te santi li tris epi li te menm
vle kriye, pafwa tou, li konn vrèman
santi li nève oubyen an kòlè san rezon.



Li te kòmanse pa
kapab dòmi byen.


Milo pa t konprann anyen sou tout sa
k ap pase yo men li te pè mande
granmoun yo paske li te wè yo sanble
nève tou.





Men genyen yon moun li pa t pè mande sa,
se te sè l la. Li te di li yo kapab mande
paran yo ansanm sa k ap pase a.

Lè yo te kesyone Manman ak
Papa yo, yo te sezi men yo te
konprann ke Milo ak sè li te
bezwen konprann.



Kidonk, yo eksplike sitiyaşyon an ki
vrèman konplike epi yo di timoun yo,
menm yo gen laperèz.



Yo tout te pale sou sitiyasyon an epi
eseye wè kijan youn kapab ede lòt.



Milo te genyen anpil ide e manman l ak
papa l te byen koute sa li t ap di yo.



Li te pwofite pale yo sou sansasyon dwòl
li konn santi nan vant li a ak dlo nan je l.

Après chita pale ansanm nan, yo jwe. Milo
te genyen kè kontan paske se te premye
fwa yo t ap jwe konsa depi lè sitiyasyon
konplike a te kòmanse.



Aprè chita pale a, Milo te santi li pi byen
paske sa fè li konprann se pa li ki te
lakòz sitiyasyon an.



Li vin konprann li pa t sèl moun
sitiyasyon sa te pèdi.

Li te santi li fyè paske Manman ak Papa
li te koute l ak ide li yo ki te ede tout
fanmi an santi l miyò



Milo di paran yo se enpòtan pou li te
pataje kijan li santi l avèk yo.



Anvan chita pale a, Milo te panse sa pa tap
fasil pou kesyone e pale de kijan li santi l ak
granmoun yo, men li te soulaje apre li te fin
fè sa. Li te santi li lejè, li pat santi li nève
ankò epi li pat santi li pèdi ankò tou.

Kounya li konnen si li santi li pèdi, si li santi
move sansasyon ak gwo santiman, l ap toujou
kapab poze lòt kesyon pou li kapab konprann
plis sa kap pase.



Menm si pa genyen anyen ki kapab chanje
sitiyasyon konplike sa (pa menm Manman oubyen
Papa) men Milo kapab fè kèk bagay tankou pale
ak granmoun yo pou ede li santi l pi byen.



Li kapab desine, danse, ekri oubyen jwe
paske sa yo kapab ede li santi tèt li pi byen

Milo te panse ou dwe konnen istwa pa li a paske tout moun kapab santi yo pèdi nan yon moman nan lavi, e sa pa yo pwoblèm, se yon bagay nòmal li ye. Sa ki enpòtan se pou ou pale de sa ak lòt moun, epi konsa y ap kapab ede w.



Lè Milo te ale nan yon
sitiyasyon reyèlman dwòl, li
te jwenn li difisil pou
konprann sa k ap pase. Men,
Milo lè sa a, te dekouvri ke
te gen bagay li te kapab fè
pi byen fè fas ak sa k ap
pase l' ak fanmi li. Tout
bagay sa yo te ede l' simonte
sitiyasyon an konplike.

Nou tout gen bagay ki rive
nou ke nou pa konprann, ak
Milo vle pataje avèk ou sa ki
te ede l' jwenn nan sitiyasyon
etranj l' yo.

